ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№221 (21.129) ● 2007 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 14, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ПхъэнкІийр, кІэрыхубжьэрыхцэр щыззэхадзын папщІэ

Мыгувэу КъБР-м щыззэфІэкІынущ «пхъэнкІийм и Іуэхуп»: дыгъэгъазэм ирихьэлІэу хьэзыр хъунущ республикэм щынэхъ ин дыдэ пхъэнкІий идзыпІэу Аруан районым щрІэр рекультивацэ щыныр. пхъэнкІийм рэ кІэрыхубжьэрыхуэхмрэ щызэхадз завод уэхуным теуХуа проектыр.

КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкІэ и министр Шипов Владимир дзэрыжІамкІэ, а заводыр щІыным гъэ къаКІуэ республикэм и бюджетым сом мелуани 150-рэ щыхухахащ. Пжьыигъэ псори 2008 гъэм зэфІагъэкІын хуеиІ - апхуэдэу пІалъэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къиГъэувар.

Кушнышбымрэ кІэрыхубжьэрыхуэхмрэ зэрызэтрихьэм пыщІа гугъуехьхэр дагъэкІын папщІэ республикэм и унафэщІхэм къызэрагъэпэща конкурсым фокІа-

«Мосводоканалниипроектыр» мы Іуэхум зэрелэжьыным фІыуэ щыгъуазэщ. Абы и проектхэмкІэ кІэрыхубжьэрыхуэм щелэжьыжкомплекс зыбжанэ Урысейм щащІащ. Аруан районым щаухэну предприятэм гъэ къэс кІэрыхубжьэрыхуэ тонн мелуани 100 зэхэдзынущ. Абы Налшыкрэ Аруан районымрэ я Іуэхуэхэр диГъэкІынущ. ІэжьакІапІэщІэуи 20 нэхъ нэхъ мащІэ къызэІуихынущ.

КІэрыхубжьэрыхуэхэр заводым лІэужьыгъуитІу щызэхадзынущ. ЯпэлІэужьыгъуэр (тхыльымпІэр, картоныр, гъущІыкІэхэр, пластикыр) къаГъэсэбэнынущ, сэбэп мыхъунухэр етІуанэ лІэужьыгъуэм хагъэхьэнущ. Аэрэ якъуэрэ щІыпІэ пыухыкІам щыщІатІэнущ. Проектыр хьэзыр зэрыхуэ конкурскІэ къыхахынущ уэхунысыгъэ езыгъэкІыну Іуэхущ1апІэр.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Іэмал егъуэт

КъБР-м и Правительствэм и зэІущІэм иджыблагъэ кьщащтащ республикэм ильэсищым тещыхьа и финанс план нэхъыщхьэр. Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей зэрыжІамкІэ, ар хуэунэтІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым зэпымыууэ зегьэужьным, абы и хэхъуэхэм дотІэщ щиубыд ІыхьэрГъэмэщІэным.

2008 - 2010 гъэхэм КъБР-м и бюджет зэгуэтым хьихь бжыгъэ нэхъыщхьэхэр утыку кьрильхьащ финансхэмкІэ министр Бышэн Аэрэт. 2008 гъэм хэхъуэхэр сом мелярд 18-м нэблэгъэнущ. А бжыгъэм гъэ кьэскІэ процент 30 хуэдиз хагъэхьуэфыну кьалытэ. Финанс планым апхуэдэу щыуБзыхущ лэжьапщІэм хэгъэхьуэныр, узыншагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, агропромышленнэ комплексым, псэупІэкьэныгъэм и хозяйствэм, нэгъэущІ Іэнатіэхэми зегьэужьыныкІэ льэпкъ проект пэрытхэр гъэззщІэ-

электрокъарууэ кьалэжьым хуэдэ 1,7-кІэ хагъэхьуэну, щыдагъэу кьущІащыр илъэсым тонн мин 90-м нагъэсыну, республикэм газыр щызэльэгъэлэсыну, электричествэ, газ зрикІуэ сетхэр зэрагъэпэщыжыну зэрамурадыр.

Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ сом мелуан 65-кІэ нэхъыбэ ящІ «КъБР-м инвестицхэмрэ зыужьныныгъэмкІэ и агентствэ» ОАО-м и устав мыльку. Абы теухуауэ Ярин Андрей жиІащ мы агентствэр иджыри къэзэлэжьар гьэльэгъуэныгъэкІэ кьызэгъэпэщныным зэризакьуэр. Иджы абы Іэмал игъэутыну объект пыухыкІахэм инвестицІэкІэ хилъхьэну.

«Москва» ПСИХОЛОГИЯ ДЫДЭЩІАГЪЭ

Хэкум и акъужь гуакІуэр

Дыгъуасэ Урысейм къэсыжащ Калоев Виталий.

Абы илъэсищ щигъэкІуащ Швейцариием и лъэхъуащхэм ящыщ зым. Москва и Домодедовэ аэропортым ар кьыщІагъэблэгъэжащ и Іыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм. Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, 2002 гъэм абы и унафэгъэ хэкІуэдащ кьхъулъатэ щызэжьэхуэам. Ар къэзыгъэхуэа диспетчерыр Калоевым ІэщІуэкІащ, «КъысхуэвгъэгъэУ» псалъэр къыщжрИмыІэм.

Аэропортым Калоевым щыжиІащ ешы и бынхэр зэрыхэкІуэдамкІэ Швейцариер кьуанШэми, абы я зэралым гужьгъэжь зэрыхуимыІэр. А къэралым сэ ныбжьэгъу куэд кьыщызгъуэтащ, аХэр кьыздІэпыкъуэщ. Апхуэдэ дыдэу фІыщІэ ин яхуэоцІ си хэкуэгъуэхэми. Абыхэм сэ яхуэфІэкІ псомкІи зыкъысщІагъэкъуащ», - жиІащ Калоевым.

Жьапщэр, толькъунэр, уэшхыр…

Абыхэм я гъэнкІэ Керчь щсы дзжыщІэм кьыщыззтрагъэувыІэн хуей хьуащ зэкІэ ямыгъэтыжа моряки 5-р кьалыхьхуэнцр.

Дуней щытыкІэр аргуэру зэІыхащ, Іуфэм кьыІуехьэ щІыпІэфа «Волганефть» танкерым кьижа щІыдагъэр. Кьуалэхэр, генджыз псэущхьэхэр зэтоЛэ.

УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ дыгъуасэ щІыпІэм кІуащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщ1 Зубков Виктор. Ар а Іуэхум теухуауэ епсэлъащ Украинэм щыщ къэрал къулыкъущІэхэм.

Гьуэгуэр гьэтэмэмын

Къэрал Советым Красноярск щригъэкІуэкІыну зэІущІэм хэтыж папщІэ, мы кьалэм кІуащ Урысейм и Президент Путин Владимир. ЗэІущІэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар автомобиль гьэзэгуэхэр егьэфІэкІуэныр.

Мы кьалэм щыІэщ УФ-м и япэ вице-премьер Иванов Сергей. Ар дыгъуасэ епльащ медицинэ мафІэгум. Абы сымаджэхэм щеІэзэ вагону 15 хэтщ. Абыхэм кьоплъ, я узыфэр кьахутэ зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ дохутырхэм.

ЕтІуанэ еджэгъуэкІэ

Къэрал Думэм дыгъуасэ етІуанэ еджэгъуэкІэ кьыщІащ Ищхьэрэ щІыпІэхэм щылыжьахэм я пенсэхэр зыубзыху законым и проектыр.

Ар зыхуэзэгар нужькІэ а щІыпІэм иЕпхъукІахэрщ. Апхуэдэхэм щІыпІэ гугъуасыгъэм зэрыщылажьам папщІэ, яхуэфащэ пенсэхэр ирамытыж хъуат. Иджы ар зэрагъэзэхуэгъ, захуагъэ хэльу.

Бхутт1э кьыхуреджэ

Пакистаным и властхэм яГъуваш оппозицэм и унафэщІ Бхуттэ Беназир махуибл1кІэ езым и щІапІэм кьыдэкІ мыхьуну.

Ауэ Бхуттэ езым и телъхьэхэр йольэІу кьимыкІуэтыну икІи генерал Мушарраф кьыхуреджэ президент кьулыкъум текІыну.

Франджым щызэрызохьэ

Франджым забастовкэхэр щрагъэкІуэкІ транспортым рэ энергетикэмрэ я лэжьакІуэхэм.

Къэралым ущызекІуэну гугъу хъуащ. Профсоюзхэм кьагъэув льготэ пенсэхэр щымыгъэІэжьыным теухуауэ правительствэм жиІэр хуамыдэну.

(ИТАР-ТАСС).

Къэрал Советым Красноярск щригъэкІуэкІыну зэІущІэм хэтыж папщІэ, мы кьалэм кІуащ Урысейм и Президент Путин Владимир. ЗэІущІэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар автомобиль гьэзэгуэхэр егьэфІэкІуэныр.

Мы кьалэм щыІэщ УФ-м и япэ вице-премьер Иванов Сергей. Ар дыгъуасэ епльащ медицинэ мафІэгум. Абы сымаджэхэм щеІэзэ вагону 15 хэтщ. Абыхэм кьоплъ, я узыфэр кьахутэ зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ дохутырхэм.

ЕтІуанэ еджэгъуэкІэ

Къэрал Думэм дыгъуасэ етІуанэ еджэгъуэкІэ кьыщІащ Ищхьэрэ щІыпІэхэм щылыжьахэм я пенсэхэр зыубзыху законым и проектыр.

Ар зыхуэзэгар нужькІэ а щІыпІэм иЕпхъукІахэрщ. Апхуэдэхэм щІыпІэ гугъуасыгъэм зэрыщылажьам папщІэ, яхуэфащэ пенсэхэр ирамытыж хъуат. Иджы ар зэрагъэзэхуэгъ, захуагъэ хэльу.

Бхутт1э кьыхуреджэ

Пакистаным и властхэм яГъуваш оппозицэм и унафэщІ Бхуттэ Беназир махуибл1кІэ езым и щІапІэм кьыдэкІ мыхьуну.

Ауэ Бхуттэ езым и телъхьэхэр йольэІу кьимыкІуэтыну икІи генерал Мушарраф кьыхуреджэ президент кьулыкъум текІыну.

Франджым щызэрызохьэ

Франджым забастовкэхэр щрагъэкІуэкІ транспортымрэ энергетикэмрэ я лэжьакІуэхэм.

Къэралым ущызекІуэну гугъу хъуащ. Профсоюзхэм кьагъэув льготэ пенсэхэр щымыгъэІэжьыным теухуауэ правительствэм жиІэр хуамыдэну.

(ИТАР-ТАСС).

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ПхъэнкІийр, кІэрыхубжьэрыхцэр щыззэхадзын папщІэ

Мыгувэу КъБР-м щыззэфІэкІынущ «пхъэнкІийм и Іуэхуп»: дыгъэгъазэм ирихьэлІэу хьэзыр хъунущ республикэм щынэхъ ин дыдэ пхъэнкІий идзыпІэу Аруан районым щрІэр рекультивацэ щыныр. пхъэнкІийм рэ кІэрыхубжьэрыхуэхмрэ щызэхадз завод уэхуным теуХуа проектыр.

КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкІэ и министр Шипов Владимир дзэрыжІамкІэ, а заводыр щІыным гъэ къаКІуэ республикэм и бюджетым сом мелуани 150-рэ щыхухахащ. Пжьыигъэ псори 2008 гъэм зэфІагъэкІын хуеиІ - апхуэдэу пІалъэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къиГъэувар.

Кушнышбымрэ кІэрыхубжьэрыхуэхмрэ зэрызэтрихьэм пыщІа гугъуехьхэр дагъэкІын папщІэ республикэм и унафэщІхэм къызэрагъэпэща конкурсым фокІа-

«Мосводоканалниипроектыр» мы Іуэхум зэрелэжьыным фІыуэ щыгъуазэщ. Абы и проектхэмкІэ кІэрыхубжьэрыхуэм щелэжьыжкомплекс зыбжанэ Урысейм щащІащ. Аруан районым щаухэну предприятэм гъэ къэс кІэрыхубжьэрыхуэ тонн мелуани 100 зэхэдзынущ. Абы Налшыкрэ Аруан районымрэ я Іуэхуэхэр диГъэкІынущ. ІэжьакІапІэщІэуи 20 нэхърэ мынэхъ щащІ къызэІуихынущ.

КІэрыхубжьэрыхуэхэр заводым лІэужьыгъуитІу щызэхадзынущ. ЯпэлІэужьыгъуэр (тхыльымпІэр, картоныр, гъущІыкІэхэр, пластикыр) къаГъэсэбэнынущ, сэбэп мыхъунухэр етІуанэ лІэужьыгъуэм хагъэхьэнущ. Аэрэ якъуэрэ щІыпІэ пыухыкІам щыщІатІэнущ. Проектыр хьэзыр зэрыхуэ конкурскІэ къыхахынущ уэхунысыгъэ езыгъэкІыну Іуэхущ1апІэр.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Іэмал егъуэт

КъБР-м и Правительствэм и зэІущІэм иджыблагъэ кьщащтащ республикэм ильэсищым тещыхьа и финанс план нэхъыщхьэр. Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей зэрыжІамкІэ, ар хуэунэтІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым зэпымыууэ зегьэужьным, абы и хэхъуэхэм дотІэщ щиубыд ІыхьэрГъэмэщІэным.

2008 - 2010 гъэхэм КъБР-м и бюджет зэгуэтым хьихь бжыгъэ нэхъыщхьэхэр утыку кьрильхьащ финансхэмкІэ министр Бышэн Аэрэт. 2008 гъэм хэхъуэхэр сом мелярд 18-м нэблэгъэнущ. А бжыгъэм гъэ кьэскІэ процент 30 хуэдиз хагъэхьуэфыну кьалытэ. Финанс планым апхуэдэу щыуБзыхущ лэжьапщІэм хэгъэхьуэныр, узыншагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, агропромышленнэ комплексым, псэупІэкьэныгъэм и хозяйствэм, нэгъэущІ Іэнатіэхэми зегьэужьныныкІэ льэпкъ проект пэрытхэр гъэззщІэ-

электрокъарууэ кьалэжьым хуэдэ 1,7-кІэ хагъэхьуэну, щыдагъэу кьущІащыр илъэсым тонн мин 90-м нагъэсыну, республикэм газыр щызэльэгъэлэсыну, электричествэ, газ зрикІуэ сетхэр зэрагъэпэщыжыну зэрамурадыр.

Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ сом мелуан 65-кІэ нэхъыбэ ящІ «КъБР-м инвестицхэмрэ зыужьныныгъэмкІэ и агентствэ» ОАО-м и устав мыльку. Абы теухуауэ Ярин Андрей жиІащ мы агентствэр иджыри къэзэлэжьар гьэльэгъуэныгъэкІэ кьызэгъэпэщныным зэризакьуэр. Иджы абы Іэмал игъэутыну объект пыухыкІахэм инвестицІэкІэ хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и мандатыр ХьэІупэ Маритэ Іэбзуед и пхъум етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм и Унафэщ

ТУПИКИН А.Н.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэкІуэ комиссэм и секретарь

АТМУРЗАЕВЭ И.А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм я социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ щыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр 2007 гъэм ІІ кварталым гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м **№285-ПП**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыхуэр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр бжыгъэм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм я социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ щыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм кьыззэрыхилъхьам тету, 2007 гъэм ІІ кварталым ику иту зы щыхум хуэзэу сом 2.900-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщІэ сом 3103-рэ, пенсионерхэм папщІэ сом 2229-рэ, сабийхэм папщІэ сом 2862-рэ хьууэ гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ

ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Хабзэм тетын

● Хэхъныгъэ

ХЭХЫНЫГЪЭМ зыхуэгъэхъэзырынырщІэдзапІэ хуэхъущ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, КъБР-м и Парламентым округхкІэ щекІуэкІыну хэхыныгъэхэр хабзэ и пъэныкъуэкІэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр пхыгъэкІыным. Къэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ и министерствэу КъБР-м щыІэм щэкІуэгъуэм и 2-м кьыщащтащ КъБР-м щыІэ УФСБ-м, МЧС-м, УФСИН-м, УФ-м и ФМС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм, зэрызэгъуэныр тету, хэхыныгъэ зэманым ирагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэхэм теухуа унафэ. КъБР-м щыІэ МВД-м, УВД-хэм, ОВД-хэм гъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ щыпІэхэм щыІэ хэхакІуэ комиссэхэмрэ я ГъусэуІ ялэжьын хуейхэр яубзыхуащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІа зэІущІэм къэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ министр генерал-майор Томчак Юрий кьыщигъэльэгъуащ цыхуэхэм езыхэр зыхуейр хуиту кьагъэльэгъуэныр кьызэгъэпэщыным теухуауэ ящэ игъэщІапхъэ Іуэхугъуэхэр.

ЩытыкІэр зыгъэркІэ кьызэзыхъэ хьумэ, КъБР-м щыІэ МВД-мрэ Урысей МВД-м и къэрал кІуэщІыдзэхэмрэ зэфІагъэкІынуэр яубзыхуащ. Хэхыныгъэхэр щекІуэкІкІэ, Іэ зэраІэт бюллетенхэр, хэхыныгъэм и нэгъуэщІ тхыльхэр щагъэЗэпэхьэкІэ ящыгъэнущ УГИБДД-м и пльыр автомашинхэзэр. КъБР-м и хабзэхьумэ органхэр хэхакІуэхэм ядэлэжьэнущ и конституцэ хуитынныгъэхэр зыми кьызэпамыудыным теухуауэ, апхуэдэу гупытэ хуащІынущ хэхыныгъэр щекІуэкІкІэ кьемыззэгъыныгъэ-сэбэпыным.

Къэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэрал Думэм и Депутатхэм я Парламентым и Унафэщ

Махуэ къэс

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Джамбечи жылагъуэм дэт 7-нэ курыт еджапІэм и 11-нэ классым щІэс Джымэ Айдэмыр къаруу троеборьемкІэ дунейпсо рекордыщІэ игъэуващ. Апхуэдэ ехьулІныгъэр абы щыгъэІорыгъэхьащ иджыблагъэ Австрием щекІуэкІа чемпионатым.*

АТЛЕТИКЭ хьэлъэмкІэ дунейпсо чемпионатым ныбжьыщІэр зэрымыщІэкІэ хэхуащ. Спортсменым гу щыльатат Краснодар щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм икІи Урысейм и командэ кьыхэхам ирагъэблэгъащ. Австриеи и Хорне кьалэм щекІуэкІа зэпеуэм ар дунейпсо рекордым килограмм 19-кІэ ягъэкІащ.

Айдэмыр и гъэсакІуэ, Краснодар краим и Депутатхэм я Парламентым и Унафэщ Мурадин зэрыжиІэмкІэ, ныбжьыщІэм махуэ къэс сыхьэтиплІ спорт залым щегъакІуэ, килограмм 230 хьэльагьыщІэм хуэпабгъэу. Республикэр зэрыгушхуэ спортсменым и хьуэпсапІэр олимп дыщэ медаль зыІэригъэхьэнырщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэм кьахохьуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Къэрэшей-Шэрджэсым кьат куэду зэтет псэупІэу щыхуэхэм кьыхохьуэ зэпыщІ. Иджыпсту абы щызэфІагъэувэ фэтэр куэд хьу унэу 19. Абыхэм я къэлэІэрэхьунущ жьы хъуа, ущыпсэункІэ щыпсэхуэу кьалытащ унэхэм щыпсэухэр.*

АПХУЭДЭУ ухуэныгъэхэр зэрыригъэкІуэкІыр и фІыгъэщ абы теухуа фонд кьызэгъэпэщыныр ЖКХ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр? теухуауэ гъэмахуэм кьащта федеральнэ законым. ИльэсищІым кьриубыдэу республикэм къэмахуэ Тыпщым хуейщ сом мелуан 800-м нэблагъэ, абыхэм ящыщу мелуан 400-р кьат куэду зэтет унэхэр зэгъэпэщыжыным, жьы хъуа псэупІэхэм щІыхуэхэр кьыщІэгъэЗэпэхьэкІыным мелуан 300 трагъэкІуэдэнущ.

Апхуэдэуи социальнэ ухуэныгъэхэри ирагъэкІуэкІ. ИджыкІэ школ-липІ кьызэІуахащ, щэкІуэгъуэм и кІэм хьэзыр хъунущ Хьэбэз адыгэ къуажэм щащхуэ поликлиникэмрэ Теберда Ипщэ жылагъуэм дащІыхь Щэнхабзэмкіэ унэмрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

НОБЭ

●Диабетым пэщІэтыныкІэ дунейпсо махуэщ. Инсулин къэзыгупсыса (Маклеод Джордж и гъусэу) канадэ физиолог Бантинг Грант (1891 - 1941; Нобель и саугьэт 1923 гъэм иратащ) кьыщалъхуа махуэм и щІыхькІэ яГъуэващ.

●ЩэкІуэгъуэм и 14 - 16-хэм Рим щекІуэкІынущ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм и Ерыскъы, мэкъумэш зэгуэхьныгъэм и Советым и зэІущІэ.

●ЩэкІуэгъуэм и 14 - 16-хэм Самарэ щекІуэкІынущ щІыдагъэ, газ ІэнатІэмкІэ дунейпсо выставкэ.

●ЩэкІуэгъуэм и 14 - 17-хэм Дюссельдорф (Германие) щекІуэкІынущ 39-нэ Дунейпсо медицинэ форум.

● Илъэс 85-рэ ипэкІэ (1922) кьалъхуащ Мысырым и къэрал, политикэ лЭжьакІуэ, ООН-м и генеральнэ секретарэу щыта Гали Бутрос (1992 - 1996).

●Илъэс 65-рэ ипэкІэ хэкІуэдащ Хэку зэуэшхуэм и зэманым Белоруссием партизан зэщІэхъеныгъэр кьыщыззэзыгъэпэщащэм ящыщ, Совет Союзым и ЛІыхъужь Заслонов Констатин (1910 - 1942).

●1914 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ Ксамышргъэ Хьэпащ1э. 1987 гъэм лІащ.

●1922 гъэм кьалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и ГъусэуІ Ефэнды Джылахьстэн.

● Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьи 2-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 42-м.

●Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 40-рэ.

ПІалъэхэр зыгъэхьэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Щэнхабзэ

Хьэщыкъ ещІ

НАЛШЫК кьалэм дэт Гъуэзджэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и унафэщІхэм хабзэ яхуэхьуауэ ильэс кьэс кьрагъэблагъэ Москва, Санкт-Петербург, Ростов, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щыщ уэрэджэныгъуэхэр, ансамблхэр, льэпкъ макьамэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрагъэбзэрабзэмкіэ дуней псом цІэрыІуэ щыхьэ артистхэр. Апхуэдэу студентхэри егъэджакІуэхэри хьэщыкъ ищІауэ институтым и актовэ пэшышхэм иджыблагъэ щедэІуащ Урысейм щыкъ зиІэ и артист, пшынауэ гъуэзэджэ Шишкин Юрэ.

Ижь дыдэу здэщыІа щІыналъхэу Инджылызым, Испанием, Китаим щилъэгъуаХэм я гугъу ищІа нэужь, баянщ кьыззэрежьэрэ мы гъэм ильэсищ зэрырикъум и щІыхькІэ игъэхьэзыра программэм кьызэхуэсэхэр иригъэдэлуащ. Концертым хэтащ композитор щІэрыІуэхэу Доргомыжскэм, Лист, Рахманиновым, нэгъэущІхэми я Іэдакъэщэкіэхэр.

САБЫР Болэт.

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Бэзэрхэм я лэжьэкІэм егъэпІейтей

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ и комитетым и зэІущІэм щытепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бэзэрхэмрэ сату комплексхэмрэ я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыным и льэбжьэхэм я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законыр гъэззщІа зэрыхъум.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым комитетым и унафэщІ Малкаров ТІэхьир кьыхихуэщІхьэхукІащ мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи республикэм сату Іуэхур кьызэрыщІызэгъэпэщам щыхэт техьуэ бжыгъэхэр кьихащ. Абы зэрыжиІамкІэ, республикэм и щІыналъэм бэзэр 15, сату комплексу 2 щолажь. Бэзэрхэм ящыщу 6-м хьэпшыпхэмкІи ерыскъыпхъэхэмкІи сату щащІ, 9-м хэхауэ хьэпщыпхэр е ерыскъыпхъэхэр щащэу аращ.

КъБР-м и Президентым и унафэкІэ щыщхьэІу маззм кьащтащ бэзэрхэр зэгъэлажьэну хуитыныгъэ зиІэ псоми кьызэрагъэпэща апхуэдэ сату Іуэхущ1апІэхэм «Розницэ сату щрагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэм я лэжьэкІэм, Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкіэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукіэ» 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м кьащта Федеральнэ закон №271-ФЗ-м къигъэувэкр зэрагъэзащІэм.

А къэпщІэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, Налшык кьалэм щыІэ «Стрелка» бэзэр ООО-м нэмыщІ, адрей Іуэхущ1апІэ псоми ныкъуасыгъэ зэмылІэужьныгъэхэр къыщыщІагъэзащІ. Ныкъуасныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ сату щІыпІэхэр бэджэнду зэрыратым теухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэрамыІэр е апхуэдэ зэгурыІуэныгъэхэр законодательствэм къызэригъэувым тету зэрамытхыр, сату щІыпІэхэм я планхэр – схемэхэр тэмэму зэрызэхамылъхэр. Апхуэдэу сату зыщІхэм яІыгъ тхьилъхэр щымыштэмэм кьыхохкІ, сату щІыпІэхэр бэджэнду зэратымкІэ зэгурыІуэныгъэхэм, сатущІхэм я реестрхэр щамыІэ къохьу, сату зыщІхэм я учетыр махуэ къэс ирагъэкІыркъым.

Арэзы ўкьищІыркъым языныкъуэ бэзэрхэм щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэми. Кьапщтэмэ, ерыскъыпхъэхэр зыщІэхэм зыхуэфащэ санитар-эпидемиологие заключениехэр щамыІэ, дохутыр тхьилъ кьыламыхуэу Іэнатіэм щеуваліэ урохьэлІэ.

А псоми кьадэкІуэу, кьыхиГъэщащ Малкаров ТІэхьир, бэзэр псоми зэхуэдэу щагъэзащІэркъым мэкъумэш продукцэ кьэзыгъэкІхэм сату щІыпІэхэр яхуэхьэныныкІэ щыІэ хабзэхэр.

Псалъэмакъым пищащ республикэм экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и къудэзэ КІэрэф Мурат;

-КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм республикэм и кьалэ округхэм, муниципальнэ районхэм я Іэтащхьэхэм зыбжанэрэ яхуитхащ законодательствэм хальхьа зэхъуэкІыныгъэхэм езэгъыу бэзэрхэм я лэжьыгъэ кьызэрагъэпэщым зэрыхуейр. Ауэ къэщІыгъэныгъэхэм кьызэрагъэпэщыным, а Іуэхум хуэфащэ гулъытэ хуэзыщІхэр мащІэ дыдэщ.

Апхуэдэу КІэрэф Мурат жиІащ сату зыщІхэр бэзэрхэм я щыкІэ къекІуэкІыу зэрыщІызэхэзэрэр, абы сату щІыпІэхэм я администрацэм зэІубзыныгъэ гуэр зэрыхамылъхьэр.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм къызэритамкІэ, бэзэрхэм («Центральнэ» сату комплекс ОАО-м, «Налшык» сату комплекс ОАО-м, «Стрелка» бэзэр ООО-м нэмыщІ) щынагъэншагъэм и паспортхэр яІэкъым. «Искож» бэзэрым, Прохладнэ кьалэм, Тырныауз кьалэм, Шэрэдж муниципальнэ районым я муниципальнэ бэзэрхэр зэхъуэгъэпэщакъым сатущІэхэмрэ щэхуэкІуэхэмрэ хьыбар зэрыригъащІэ системэхэмкІэ.

Унафэ пыухыкІа иджыри кьэс трагьыхьакъым ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуа бэзэрхэм налог учетым щымыт куэдым сату зэрыщащІым. Кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым Федеральнэ налог кьулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм кьыщІагъэщащ павильонхэр, бэзэрхэр бэджэнду щраткІэ кьызэрапщытэ – касэ техникэр эратакмкІэ тхьилъхэм я копиехэр документхэм зэрыхамылъхьэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● Парламент едэІуэныгъэхэм ирихьэлІэу

ЩІэблэр афияным щыфхъумэ

КъБР-м и Парламентыр бжьыхьэ сессием зэрылэжьэну планым тету, КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, узыншагъэр хьумэнымкІэ и комитетым 2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м ирегъэкІуэкІ «Наркоманием зэмыгъэубгъуным хуэунэтІа профилактикэр - егъэджэныгъэм и Іуэхущ1апІэхэм мы зэманым ирагъэкІуэкІ гъэзэныгъэхэм я зэныгъэ и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэщ» парламент едэІуэныгъэхэр.

Едэ1уэныгъэхэр кьызэзыгъэпэщхэм ди сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я кьэкІуэнум тегузэвыхь псори кърагъэблагъэ мы Іуэхум кьыхихьэну, езыхэм зэфІэгъэкІыпхъэу кьалъытэхэр цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кьыщыгтрагъэдэну, апхуэдэу 2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м нэсыху КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, узыншагъэр хьумэнымкІэ и комитетым кьагъэхьэну.

Парламент едэІуэныгъэхэр КъБР-м и Парламентым и пэш нэхъыщхьэм щекІуэкІыну (Налшык кьалэ, Ленининым и уэрам, 55).

Фыпсалъэ хьунущ 47-27-55; 42-49-16 телефонхэмкІэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 342-рэ кІэлейкІэ 84-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

● КъБР-м и Президентым и интернет-сайтым

Къанокъуэ Арсен хуагъэхь тхыгъэхэр

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и интернет-сайтым 2007 гъэм и фокIад-жэпуэгъуэ мазэхэм тхыгъэ 464-рэ кьаГъэхьащ.

ЯПЭХЭМИ хуэдэу, тхыгъэхэм я нэхьыбэр зытеухуар псэупIэкIэ, мылькукIэ щыIэ гуГъуехьэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ кьэпхь хъуащ Бахьсэн кьалэм кьиКIа тхыгъэхэм ящыщ зыр. Лениным и уэрамым тет унэ №15-мрэ №17-мрэ щIэсхэм кьатх: «ДызыщIэс псэупIэ унэхэр 1959 гъэм яухуауэ щытащ. Ди фэтэрхэр приватизацэ щIыпи папщIэ, д'э кьалэ администрацэмрэ унэхэр зыIэщIэль Iуэхущ1апIэмрэ захуэдГъэзащ, ауэ ди льэIур кьытхущIакьым. Абы и щхьэусыгъуэу кьаГъэуващ а унэхэр жьы дыдэу, кьэунэкIэ щыпащ1ыгъуэ кьаГъэральтэм кьыхэкIыу приватизацэ ящIыну зэрыхуимытыр. Абы кьыхэкIыу дынольэIу ди фэтэрхэр приватизацэ тщIыпи папщIэ зыхуей Iуэхуэхэр дэбгъэкIыну е тынщыIэр псори зиIэ фэтэрхэр кьэтщэхуныкIэ укьыдIэпыкьуну». КъБР-м и Президентым и унафэкIэ ведомствохэм зэдей комиссэм а унэхэм я щытыкIэр кьиныщащ икIи а лъэныкъуэм кьрикIуаХэм ящхь иткIэ унитIри хагъэхьащ 2008 гъэм федеральнэ бюджетым и хьэкъкIэ капитальнэуэ зэрагъэпэщыжыну псэупIэхэм.

ПсэупIэм и Iуэхур КъБР-м и мызакъуэу, зэрыщытыр кьэралым щыгъэкIыну кьаГъэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щIыхуэхэм я тель гугъуехьэр щагъэпсынщIэн папщIэ зэмай благъэм кьрифыбдзэу нэрылъагъуу нэхъыбэ я ящIынуц псэупIэу я ухуэм и бжыгъэр, 2008 гъэм и закъуэ КъБР-м фэтэр хуэдизу уиГу псоригъэхуэ, ухуэнущ мётр зэбгъуэнатIэ мин 300-м щIигъу. Ауэ хэт дежкIи гурыIуэгъуэ, результ-ликэм и экономикэм сыт хуэдизу псынщIэу зимыужьми, хуэныкъуэу щыIэ псори фэтэрхэ кьыгъэгъэнящыным ифэ бжыгъэ зэрыткIуэдэнур.

Иужь зэманым нэрылъагъуу нэхъ мащIэ хъуащ дзжьапIэ зэрамыIэм, лжьапщIэр и зэманым кьиузэрымрымытм теухуауэ кьэтхъуэхуэсыхэхэм я бжыгъэр. ДызэреплъмкIэ, абы и щхьэусыгъэр бюджет IэнатIэхэм я лжьакIуэхэм я лжьапщIэкIэ зэтрихьа щыIэр ящынкьыным республикэм и унафэщIхэм, КъБР-м и прокуратурэм и лжьакIуэхэм гулытэ хэха зэрыхуащIырщ. Апхуэдизкъэ республикэм ухуэнныгъэхэр щIэтэхуэфбжьауэ зэрыщрагъэкIуэкIым кьыхэкIыну лжьакIэ IэнатIэуи куэд кьиззIуахащ. ЩIэх-щIэхыуэр щIыхуэхэм хьыбар ирагъащIэ IэнатIэ кудзим я гъэувынуэхэр зэпеуэкIэ кьыззрыхахым теухуауэ.

Хэпщ1ыкIыу нэхъ мащIэ хъуащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэм я лжьхэкIэмкIэ мыарэзыхэм я бжыгъэри. Республикэм и властхэм Налшык кьалэм, КъБР-м и адрей кьалэхэмрэ районхэмрэ я инфраструктурэм зегъэужьыным хуащI гульытэм и фIыщIэкIэ щIыхуэхэр псыкIэ кьызырэгъэпэщыр ефIэкIуащ, гъэурэхэри нэхъ зIуэзэпэщ ящIащ. А лэжьыгъэхэм я кIэуэкIыкIэм мы Iуэхуэр зэрыщыту зэрефIэкIуэнУм цIыхухэм ящегъэуГъуГъ икIи абы теухуа тхыгъэ куэд республикэм щыпсэухэм Президентым кьыхуагъэхь.

Къэбэрдей-Балькъэрым зегъэужьыным зи гуащIэрэ мылькуэрэ хэзыльхьэну хуэдизкъэ щIэкъу щIыхуэхэм я бжыгъэм хохьуэ. Абы хуэунэтIа Iуэхугъуэ, проект гъэщIэгъуэнхэри Интернет сайтым кьрагъэхь.

Къащтэмэ, Дамаск кьратхькIри Президентым письмо кьыхуагъэхащ щыгъуэ, Шыкъ Самиррэ Къат Чылар Риадрэ. «ПщIэ щIыхуэщI Арсен Башир и кьуэ, - хабзэ абыхэм, - Дохутырхэр, нэгъуэщI IуэгъагъэлIхэр щIэхэт зы гуп дыхьуэ д'э уэзышагъэрхуэмэным, лаборатори кьыщагъэсэбэп техникэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ нэгъуэщI кьэралхэм дыщолажьэ. Д'э зэхэтлъхьащ уней мылькуу щыт лъхуанIэ унэ Налшык кьалэ дэщIыкIыным теухуа проект. Ар идкьырей техникэкIэ, лабораторэкIэ кьызэгъэпэщащ, нэхъ кьэхутныгъэ ин дыдэхэри щебгъэкIуэкI хъуащ щытынущ. Д'э дыхьэзыщ а медицинэ центр иныр щIыным текIуэдэну ахьшэр хэтлъхьэну. Д'Iэпыкьуныгъэ дызыхуейр кьэбгъэсэбэн хъун унэ кьыхэхьнымрэ абы зыхуэфащэ теплъэ етынымрэщ. Д'э ди мурадщ гинекологиемрэ акушерствэмкIэ результ-ликэм и щIэныгъэ зэрыщIэнущ. Д'Iэпыкьуныгъэ дызыхуейр кьэбгъэсэбэн хъун унэ кьыхэхьнымрэ абы зыхуэфащэ теплъэ етыным

Динымрэ хабзэмрэ

Ди газетым зэрытетащи, Налшык дэт етIуанэ еджапIэ-лицейм щекIуокIащ «СтIол хъурей», адыгэ щIэхабзэмрэ муслымэн динымрэ я зэхуэщытыкIэхэм теухуауэ.

Зэхуэсыр иригъэкIуэкIащ КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхущхьэмрэмкIэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэ Мыкъуэжь Арсен. Абы и пэублэ псалъэм къыхиубзыдащ муслымэн динымрэ ди лъэпкъ щIэхабзэм уеблэмIыжу зэрыщIэуфыдым тхыдэри, этнографиери, IуэрыIуатэри, бзэ щIэныгъэри, адыгэрей этносоциологие кIэхъутныигъэхэри щыхьэт зэрытехьуэр, дин, лъэпкъ хабзэхэр лЭщIыгъуэкIэрэ къыхэрызэдэгъэзэурыкIуэр, быдыр зэхуэда, зэхэуэзна зэрыхъуар, абыхъэ я зэхущытыкIэхэр джыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

АдэкIэ Мыкъуэжым къриIуащ «СтIол хъурейм» къриихьэлIахэм я щIэ-уиэдIэхэр. Мис аэр: КъБР-м и Президентым и чэнджэщкIэ Думэн Хьэсэн, ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я къэрал комитетым и унафэщI Пащты Борис, Парламентым щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и Комитетым и унафэщI Iэщщ Заур, КъБР-м и муслымэн Iуэхущ IапIэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Джаэжь Хьэзрэталий, тхакIуэ, усакIуэ щIэрыIуэхэу Iутыкъ Борис, Елгъэр Кашиф, Iэсэн районым дин IуэхухэмкIэ щыIэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Бажэ Дотий, щIэныгъэлIхэу Бейтыгъуэн Сэфарбий, Къарэ Iэмырбий, Табыщ Мурат, динымрэ лэжьакIуэхэу, Iимамхэу Къэмэр Фуржэдин, Тхьэзэпльыкъ Хьэбас, Бэдракъ Борис, Пщышэу Хьысэр, Тэрч районым и «Адыгэ Хасэ» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Балькъэр Борис. Зэхуэсым хэтащ телевиденэм, радиом, газетхэм я лЫкIуэхэри.

ПЭУ ПСАЛЪЭР зрата **Пащты Борис,** «СтIол хъурейм» и къалэн нэхъыщхьэхэм я гугъу ищIа нэужь, кьыздэхуэсахэм екъуэхъуащ гупсысэ щхьэпэхэр кьаугъуеифынэу, я зэIущIэр, унафэу яубыхунухэр ди республикэм кьыхущхьэпэну.

Мыкъуэжь Арсен ибзыщIакьым лъэпкъ, дин хабзэхэм я зэхущытыкIэхэр «джафэ дыдэу» зэрыщымыгъэ, Iуэхуэр «къзыгъуубэлэр», псалъэмакъ мыхъумыщIэхэр кьэзыIэт, лъэпкъ, дин хабзэхэр зэхуэхамэу, зэныкъуэкъун хуейуэ къэзыгъэуэ щIыху щхьэхуэхэр зэрыщIыр, абыхъэ я щыуагъэхэр белджылы кьэщIауэ, жэуап зэIубзкэр япэгъэувын зэрыхуейр.

Думэн Хьэсэн жеIэ: Дыызтепсэлъыхьыну къэтIэта Iуэхуэр дызэмыдауэу, пщIэзэхуэтщIу, ди лъэпкъым нэхъ сэбэп хуэхуэну щапхъэхэр кьэдгъэсэбэпэр, кьыхэтхыпхъэщ, Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, мажуский, муслымэн хабзэхэр зэпэгъэувыныр. Ар Iуэху еплыкIэ тэмрмкым. А хабзэхэр щIызэбгъэпщэн, щIызэбуджIын щыIэкъым. Сэ сыщыгъуазэщ Шэрихьэтми адыгэ хабзэми. Сыхуейщ занщIэу кьыжьисIэну: адыгэ хабзэм и купщIэр фIэхъусхэракъым, Iэнэ екIуэхрауи кьэпльыгъэ хъунукъым. Абы и пхьыбгъу кьыкIыр «закон, правэ» жьхуаIэхэрщ. Шэрихьэтымрэ ди лъэпкъ хабзэхэмрэ зэбгъапщэмэ, сыт хуэдэ гупсысэ узыхуэкIуэр?

Я ПЭУ ПСАЛЪЭР зрата **Пащты Борис,** «СтIол хъурейм» и къалэн нэхъыщхьэхэм я гугъу ищIа нэужь, кьыздэхуэсахэм екъуэхъуащ гупсысэ щхьэпэхэр кьаугъуеифынэу, я зэIущIэр, унафэу яубыхунухэр ди республикэм кьыхущхьэпэну.

Мыкъуэжь Арсен ибзыщIакьым лъэпкъ, дин хабзэхэм я зэхущытыкIэхэр «джафэ дыдэу» зэрыщымыгъэ, Iуэхуэр «къзыгъуубэлэр», псалъэмакъ мыхъумыщIэхэр кьэзыIэт, лъэпкъ, дин хабзэхэр зэхуэхамэу, зэныкъуэкъун хуейуэ къэзыгъэуэ щIыху щхьэхуэхэр зэрыщIыр, абыхъэ я щыуагъэхэр белджылы кьэщIауэ, жэуап зэIубзкэр япэгъэувын зэрыхуейр.

Думэн Хьэсэн жеIэ: Дыызтепсэлъыхьыну къэтIэта Iуэхуэр дызэмыдауэу, пщIэзэхуэтщIу, ди лъэпкъым нэхъ сэбэп хуэхуэну щапхъэхэр кьэдгъэсэбэпэр, кьыхэтхыпхъэщ, Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, мажуский, муслымэн хабзэхэр зэпэгъэувыныр. Ар Iуэху еплыкIэ тэмрмкым. А хабзэхэр щIызэбгъэпщэн, щIызэбуджIын щыIэкъым. Сэ сыщыгъуазэщ Шэрихьэтми адыгэ хабзэми. Сыхуейщ занщIэу кьыжьисIэну: адыгэ хабзэм и купщIэр фIэхъусхэракъым, Iэнэ екIуэхрауи кьэпльыгъэ хъунукъым. Абы и пхьыбгъу кьыкIыр «закон, правэ» жьхуаIэхэрщ. Шэрихьэтымрэ ди лъэпкъ хабзэхэмрэ зэбгъапщэмэ, сыт хуэдэ гупсысэ узыхуэкIуэр?

